
DONYA PASAWAHING AKHERAT

Tembung kalbu, ingkang limrah dipun tegesi jantung, inggih punika peranganing jerowan ingkang gumantung wonten ing salebeting dhadha sisih kiwa. Ing salebeting jantung wau bolong isi rah cemeng.

Wonten ing riki tembung kalbu [jantung] boten ateges jantung kadosdene kasebat ing nginggil [boten sipat pawadhagan], awit ing riki boten ngrembag badhan wadhag, nanging ngrembag badhan alusing manungsa [sajatining manungsa].

Kalbu punika barang bangsa alus, bangsa urip saha uriping dzat kang asipat gesang. Kalbu wau ugi praboting kalbu jasmani [jantung lair], inggih kalbu wau ingkang kanamekaken sajatining manungsa. Dene sipatipun kalbu makaten anggadhahi kawicaksanan, kawruh lan kawaskithan. Inggih kalbu punika sejatosipun ingkang saged nampi pepreden, dhedhawuhan, ilham, rasa, ganjaran, rasa pasiksan, rasa krasa, ngrasakake salajengipun rumangsa.

Inginggil sampun kapratelakaken menggah sejatining manungsa ingkang asma kalbu ingkang umumipun kawastanan jiwa utawi suksma, lan malih ugi anggadhahi bala kathah sanget [tanpa wicalan] saking keparengipun Gusti kang akarya jagad.

Kawuningana Gusti kang maha suci punika mengkoni bala pinten pinten, inggih ingkang kawengku ing kalbu [manungsa sejati]. Pinten pinten bala sumebar angebaki alam saindenging bawana ing njawi lan ing lebet. Sadaya wau runtut sumungkem dhateng Gusti, runtut kaliyan lampahing kodrat [pandum] boten wonten ingkang ngretos pinten cacahing bala wau, kajawi namung Gusti.

Saperangan bala ingkang kawengku ing anggane manungsa, katranganipun kados ing ngandhap punika:

Para balaning lahir ingkang kasat mripat netra kepala.
Para balaning batin ingkang boten kasad mripat, punika namung katingal
batos rasa pangrasa.

Menggah pamengkunipun sajatining manungsa dhateng balanipun kalih
warni wau, ugi kenging kasanepakaken kados dene pamengkunipun kados
bendara kaliyan juru ladosipun.

Para bala ingkang kasad mripat, punika wujudipun kadosta mripat, irung,
tutuk, kuping, tangan, suku, lan sadya sarandhu utawi pirantosipun badhan
wadhag ingkang bangsa njawi lan bangsa njerowan, jantung, limpa, kebuk,
usus, tuwin sanes-sanesipun.

Para bala batin ingkang boten kasad mripat kados kalbu wau mengkoni bala
ingkang lahir tuwin bala ingkang boten kasad mripat. Bala batin makaten
grebanipun kangge ngawasi bala lahir. Dene wujudipun inggih punika
dhaya-dhayaning kekiyatan [getering] pamuring lan dhaya panariking
syahwat [rasa pepingin].

Sadaya bala wau samobah mosikipun tansah mbangun turut dhateng kalbu,
dhasar sadaya wau tumindakipun kadunungan watak mesthi manut ing
kalbu, boten saged umpamiya nyulayani. Utawi pancen boten gadhah
kekiyatan damel adha-adha piyambak. Upaminipun mripat kaparentah
kalbu supados melek, sampun mesthi lajeng melek. Suku kaprentah kalbu
supados mlampah, sampun temtu lajeng tumandang mlampah, boten saged
upami mopo [boten purun].

Makaten salaminipun, panguwasipun sang kalbu dhateng sarandhuning
badhan lan pancadriya punika memper kadosdene Gusti dhumateng para
malaekat. Para malaekat punika tumitahipun ugi sampun kinodrat mesthi
mbangun turut punapa dhawuhipun Pangeran. Boten nate purun lan pancen
boten saged upami nyulayani dhawuh. Boten beda kadosdene mbangun

miturutipun wadhag dhateng kalbunipun. Nanging wonten bedanipun, para malaikat wau sami kaparingan kawicaksanan.

Kawuningana, kalbu [manungsa sejati] punika pancen tinitah kedah mbetahaken badhan wadhag, awit bilih boten mawi badhan wadhag boten badhe saged makarti. Mila makaten amargi kalbu wau kenging kasanepakaken kados angganing tiyang ingkang kesahan ing purug langkung tebih sanget, dene marginipun pinasti kedah nglangkungi alam wadhag [donya]. Ingriki kalbu mbetahaken sanget ngangge prabot [praboting gesang ing donya], ringkesanipun wonten:

1. Badhan wadhag, kasanepakaken minangka tumpakan.
2. Kaweruh sejati [sejatining kaweruh], minangka kangge sangunipun.
3. Budi suci, minangka kangge gegebenganipun.

Kalbu punika boten saged angsal pepadhang [hidayat jati] manawi boten lampah budi suci, mila kalbu wau boten saged upami nilara tigang perkawis wau, inggih punika badhan wadhag, kawruh sejati, tuwin budi suci, punika jalaran tumindakipun kedah miturut dhateng sabarang dhawhipun Pangeran [Pangengeran].

Kita manungsa rumaos [ngakeni] linampahaken wiwit saking alam arwah [alam roh] ngantos dumugi wangsul ingarsanipun. Makaten lelampahanipun manungsa ung saindenging jagad raya.

Lelampahan wau boten kenging boten kedah ngancik alam wadhag [donya]. Inggih wonten ing alam wadhag ngriku punika panggenan pados penghasilan calon kangge sanguning lampah utawi tujuwanipun anggenipun badhe dedunung wonten ing alam langgeng kanthi wilujeng nir ing sambu kala, tebih godha rencana ing samargi-margi, lajeng saged kadumugen sejatinipun, tata tentrem, nikmat manfaat.

Inggih ingriku punika ingkang dipun wastani manggen ing panggenan ingkang langgeng [kalanggengan] tur isi raos sarwa legawa [swarga], mila

leres ungelipun paribasan: donya pasawahaning akherat, lan iku bakal ngundhuh wohing pakarti, sing sapa nglakoni tumindak becik, bakal ngundhuh wohe becik. Kosokbaline sing sapa tumindak ala, bakal ngundhuh wohe ala. Makaten nyumanggakaken.